kalih apuwasa | ing wulan Rom(a)dhon singgih | kaping tigane malih | aweh pitêrah zakatipun | kaping pat asêmbayang | kaping lima munggah haji | maring Mekah lamun wong iku kuwajiban ||

13. Rukune iman kocapa | nem pêrkara kathahneki | kêrihin ngandêla kangwang | maring sangyang widi | lamun sipat mangkeki | esa ***[hal. 21]*** tan ana padheku | wajib langgêng masesa | kaping kalihepun malih | apêrcaya maring sêkehe malaikat ||

14. Lamun kawulaning Allah | nora lanang nora estêri | nora bapa nora biyang | nora nginum nora bukti | nora napsuneki | nora ana durakanepun | ing sira Sangyang Manon | barang kersaning Widi | kaping tiga angandêl kitab tuwan ||

15. Sêkathahe kalamullah | kang tinurunaken sami | maring sêkehe utusan | litang jêroning kitab mami | pakoni pitudhuh neki | muwah pan nyêgah ireku | jangjine ku angganjar | angayêm anyiksa singgih | kaping pate angandêl maring utusan ||

16. Sêkehe pan nabi utusan | ***[hal. 22]*** manusa lanang puniki | akil balig kang mêrdika | tur rinaksa ing Hyang Widi | sangking dusa agung alit | tur kêkasihe Yuwang Agung | tan kêna lara ina | dhengkol pincang wuta tuli | bisu idan nabi iku apan ora ||

17. Kaping limane punika | angandêla dina kang kari | iku tah dina kiyamat | pan ora ana dina malih | Hyang Sukma kang mateni | sêkehe kang urip iku | sawuse pinatenan | inguripakên malih | sêkathahe manusa neng jêro luwangan ||

18. Lan kaping nême punika | angandêling untung bêcik | untung ala iku tuwan | anênggih saking Hyang Widi | pan sukma iya mesthi | andadekakên ***[hal. 23]*** ajal iku | lan kinon amiliya | sêkathahe nyawa puniki | lan mulane suwarga lawan nêraka ||

19. Risampunira mêngkana | arsa angawêruhi singgih | wajib mohaling Pêngeran | iku sipat kalih dasih | mangke kang kocap rumihin | sipat wujud namanipun | têgêse iku Pêngeran | anane jumênêng dhiri |

mohale (H)yang yen anaha ingkang karya ||

20. Kaping kalih sipat kidam | têgêse iku rumihin | tan ana andhinginana | mohal anyar Hyang Widi | kaping tiga bako singgih | têgêse bako puniku | langgêng kahananing Hyang | mohal adam Hyang Widi | kaping pat muhalawatu lil hawadisi ika ||

21. Têgêse iku pêrbeda | kahanan ***[hal. 24]*** ingkang maha suci | lawan sêkehe kang anyar | mohal padhaha malih | kaping limanipun malih | kiyamuhu binapsihi puniku | muwah têgêse mangko | jumênêng peribadineki | mohaling (H)yang yen anaha ingkang karya ||

22. Kaping nêmipun punika | wahdaniyat wastaneki | têgêse punika esa | iku tan ana ingkang madhani | muwah sipat neki | pênggawe pan esa iku | tuhu yen maha muliya | tan kêna winarning budi | ing Hyang Sukma tuhu agung maha muliya ||

23. Kaping pitu sipat kudêrat | têgêse kuwasa singgih | mohal apan ananingyang | ping wolu erodat malih | têgêse karsa iki | Pangeran kang maha luhur | mohal lamun acêngênga | kaping sanga ***[hal. 25]*** ilmu singgih | têgêsepun Pêngeran kang luwih wikan ||

24. Lan mohal budhuh Pêngeran | ping sêpuluh hayat uni | têgêse urip Pêngeran | ora kêlawan nyawa iki | mohal kêlamun mati | kaping sawêlase iku | wajib kang sipat sama' | têgêse miharsa singgih | mohal tuli ping rowêlas sipat basar ||

25. Têgêse iku pêningal | mohal wuta sang hiyang widi | kaping têlulas sipat kalam | mohal bisu sang Hyang Widi | kaping pat bêlas malih | kadiran wastanireku | têgêse kang kuwasa | ping limalasipun malih | sipat muridan wastane sipat punika ||

26. Têgêse ingkang akarsa | lan kaping nêmbêlas malih | aliman wasta ***[hal. 26]*** sipat | têgêse kang ngawikani | kaping pitulas malih | hayan wastane iku | muwah têgêse hayan | Pêngeran ingkang ahurip | wolulas samingan punika wastane sipat ||

27. Têgêse kang amiharsa | kaping sangalasipun malih | basiran wastane sipat | têgêse kang aningali | kaping rongpuluh malih | mutakaliman wastanipun | têgêse angêndika | Pangeran kang maha suci | nora basa kalam mangke Hyang Sukma||

28. Têgêse sipat punika | kalihdasa kehneki | kumpule sipat punika | den dum dadi sêkawan nênggih | ingkang kocap rumihin | napsiyah wasta iku | kaping kalih wastanira | salbiyah wastaneki | kaping tiga wasta-***[hal. 27]***-nira ingkang sipat ||

29. Mangani wastane sipat | jangkêpe sêkawan nênggih | sipat maknawiyah punika | jangkêpira sêkawan neki | kumpule sipat puniki | wontên kalimah kalih iku | wastane ingkang kalimah | kalimah tuhid wastaneki | kaping kalih kalimah rosul wastanira ||

30. Kang manjing kalimah tuhid ika | pêtangpuluh langkung siji | manjing kalimah rasul ika | apan sekêt gugungipun | dadine kalimah punika | ngucap lapad puniki | Laailahaillalah punika dadinya ||

31. Muhammaddarasulullah | kumpule sipat punika | lanang wadon padha ngistokêna | ing jare lapal ***[hal. 28]*** puniki | lamun datan angawêruhi | ing ngujare lapal iku | ora bisa sampurna | ibadahira puniki | lah mulane padha sami angistokêna ||

Pupuh 5 – Pangkur

1. Wus tutug pan sipating Hyang | wontên ganti ingkang ginurit malih | pardune wudu puniku | nem pêrkara kathahnya | niyat kocap rumuhun | ujare iku niyat | angilangakên rarêgêd ingkang alit ||

2. Pardu tur kêrana Allah | wajib niyat puniku amarêngi | amasuh ing bêrahi iku | kaping kalihe ika | wajib masuh ing rahi puniku | wangêne rahi punika | janggut lawan kuping kalih ||

3. Papathile kiwa têngên ika | kuping guwangêne rahi puniki | kaping tiga

winuwus | amasuh tangan ***[hal. 29]*** karo ika | sarta watês sukunipun | kaping êpat masuh sirah | wangêne sirah puniki ||

4. Hadi cukulipun rema | kaping limanipun malih | masuh suku karo iku | sarta wanglune ika | kaping neme tartib wastane iku | têgêse tartib punika | kang bênêr urut-urut neki.

5. Apan wudhu iku rong warna | kudu wajib wong urip angêlakoni | têgêse wudu puniku | rumihin wudhu wahya | kaping kalih wudhu jatmika puniku | apan iku ibaratnya | lahir kêlawan batin ||

Pupuh 6 – Sinom

1. Wus tutug pardu ika | sunate winuwus malih | sêdasa kathahe ika | sunate wudhu punika | kawêruhana tah sami | pardu lan sunatipun | ***[hal. 30]*** sunat maca Bismillah | sunat akêmu malih | lan amasuh epek-epek karo sunah.

2. Masuh kuping iku sunah | lawan batale wuwusên malih | limang pêrkara kehira | mangke kocap rumihin | barang kang mêtu sangking | dêdalan roro puniku | pan kalih iku warnanya | kang mêtu punika singgih | mêtu mani punika nora kawilang ||

3. Punika wajib dinadusan | kêrana pun mêtu mani | lan kaping kalihe ika | anggêrêp wong wadon singgih | ingkang dudu muhrim neki | lawan kawêruhana iku | muhrim tigang pêrkara | muhrim kang kocap rumihin | muhrim nasab wastane muhrim punika ||

4. Biyang dulure nini ika | punika muhrim nasabi | lan sa-***[hal. 31]***-padha wurika | kaping kalihipun malih | rela'[1] wastane muhrim | tunggal sapasusuwan iku | lan sangisore pisan | kaping tiganepun malih | musaharah wastane muhrim punika.

---

[1] saudara sepersusuan **(radla')**

5. Anake rabi punika | kalawan biyange rabi | lan sapêndhuwure ika | lan nora ana bapaneki | kang liyan sangking muhrim | kukune lan rambutipun | lan ora batal ika | sabab lare lagi alit | ingkang durung akil balig ika ||

6. Kaping tigane ika | anggêrêp dakar lawan parji | lawan dubur punika | lawan bathine jariji | lan epek-epek kalih | dheweke lan liyanipun | lan kaping pate ika | kêlindhih budinireki | sabab ***[hal. 32]*** wêruh utawine iku idan ||

7. Utawa kelênger ika | lan kaping lima puniki | aturu mangke punika | kang ora têtêp puniki | babokong ing bumi | wus tutug bathale iku | harame kawuwusa | ing wong tanpa wudu sami | pan lalima harame wong hadas ika ||

8. Kêrihin haram salat | kaping kalihipun malih | haram maca kutbah jumat | kaping tiganipun malih | anggarap Quran singgih | kaping patipun ana(ng)gung | sira mangke ing Quran | kaping limanepun malih | angideri ing Ka'bah punika haram ||

9. Wo(n)ten malih kang kocapa | ing rukune shalat winarni | wolulas kathahira | niyat kang kocap rumihin | muwah ing jêroning ati | niyat ingsun ***[hal. 33]*** shalat fardhu | dhohor utawa ashar | magrib isa' subuh puniki | iya iku kahanane niyat shalat ||

10. Lan kaping kalih punika | takbiratul ihram nuli | lan kaping tiga punika | amadhêping kiblat malih | kaping sêkawan nuli | angadêg sira iku | lamun wong kang kuwat | kaping limanipun malih | wajib tuwan sira amaca Patihah ||

11. Kaping neme rukuk tuwan | muwah kaping pitu malih | tumaninah rukukira | kaping wolune malih | i'tidal wastaneki | ping sanga iku winuwus | tuma'ninah adêgira | kaping sêdasane malih | wajib sujud ping sêwêlas tuma'ninah ||

12. Ing jêrone sujud ika | kaping rolase malih | alungguh ing ***[hal. 34]***[2]

[2] Ada 2 halaman hilang

nyatane tigang tindakan | kêlamun anulih-nulih | lan amukul mangke sira tigang pukulan ||

19. Wus tutug batale shalat | sunate wuwus malih | sunat ab'adh kocapa | nêm pêrkara kathahneki | kunut kocap rumehin | kapindho ingadêgipun | kaping tigane ika | tahiyat awal pernahneki | kaping pate lungguhe tahiyat kang awal ||
20. Kaping limane punika | maca shalawat ing kanjêng nabi | ing tahiyat awal pernahnya | kaping nême punika singgih | atas kawula wargeki | tahiyat akhir pernahepun | sarta lungguhe pisan | wontên malih kang kawarti | ingatase wong kang kuwajiban shalat ||

21. Patang pêrkara kehira | mangke kang kocap rumehin | [hal. 35] wong Islam nênggih punika | kaping kalih baleg singgih | kaping tiga wong kang akil | kaping pat suci wong iku | saking haid kêlawan nifas | wontên kang kocapa malih | sah sarate wong kang kuwajiban shalat ||

22. Wolung pêrkara | mangke kang kocap rumehin | kang bênêr wacane iki | ping kalihe iku nênggih | madhêp kiblat singgih | kaping tigane puniku | bedaaken pardhu ika | kaping pate puniki | angawêruhi panjinge waktu punika ||

23. Kaping limane punika | suci sangking hadas iki | kaping nêm punika tuwan | nutupi aurat neki | kawêruhana tah sami | aurate wong lanang [hal. 36] iku | lawan aurate amat | wawudêl lan cekelok neki | kang sembada muguh aurate wong lanang ||

24. Aurate wadon mêrdika | sêkathahe badan neki | angingnya rêrahinya | lawan epek-epek kalih | lan kaping pitu malih | suci anggone bakteku | wontên malih kang kocap | kang wajib dinusan iki | iya iku kathahe limang pêrkara ||

25. Dening pêrkara punika | ing mangke kocap rumehin | jinabad wajib dinusan | kaping kalih adus ngipi | kêrana mêtu mani | kaping tigane puniku | haid wajib dinusan | kaping pate adus mati | kaping limanepun wajib den adusan ||

Pupuh 7 – Dandanggula

1. Wontên malih kawarnaha singgih | *[hal. 37]* têgêsipun syahadat kalimah kalih punika | iku wajib ing sêkehe | wong akil baleg iku |
lanang wadon den sami amrih | ora kuwasa ora | angawêruhi iku | minangka panêbus surga | lan den sarta têmên-têmên angêlampahi | ing kalakuhaning syahadat ||

2. Satuhune sêlamêt pan sami | aneng dunya tumêkeng akherat | lamun sarta wêruh têgêse | napi lan isbat puniku | lailaha napi puniki | illallahi iku isbat | kang napi puniku | iya Pêngeran kang liyan | sangking Allah isbate kang pinasthi | lapal sawuse ila ||

3. Iya iku Pêngeran sêjati | kang dadekên ing muksinah | iku ing sapta bumine | kabeh kang pitung langit iku | iya iku ingkang pi-*[hal. 38]*-nasthi | paraning puji sêmbah | maring hiyang kang luhur | ingkang purba amasesa | kang anitah adum bukti maring dasih | kabeh orana kêkurangan| |

4. Lawan malih ngistokêna sêjati | Nabi Muhammad yen utusane Allah | rahmat lawan salam kabeh | atasing nabinipun | kang minulya ing para nabi | kabeh padha ngawula | anuting agamanipun | nyatane agama sampurna | pan orana agama liyan puniki | marga agama Islam ||

5. Lamun sampun sumêkta ngawêruhi | ing têgêse syahadat kalih kalimah | arêp anut ing lampahe | mangke ingkang rumuhun | apêrcaya maring yang widi | lan pêrcaya ing malaikat | lawan kitabepun | lan pêrcaya ing utusan | *[hal. 39]* lawan malih pêrcaya dina kang kari | iku dina kiyamat ||

6. Lawan nga(n)dêl untung ala untung bêcik | saking Allah kinon maca syahadat | kalih kalimah sêkehe | lan malih lakunepun | asêmbayang limang wektu iki | lan pardhu aweh zakat | pitêrah puwasa iku | sawuse wulan Ram(a)dhan | munggah haji lamun ana sanguneki | maring Ka'batullah ||

7. Kuneng malih kawêruhana iki | ma'ripat iman kêlawan Islam | den awas sawiji-wijine | lamun sinual sireku | ing ujare wong Islam singgih | den agung sahurana | jawabepun | ujare tah Alhamdulillah | têgêsepun sun amuji ing Hyang Widi [hal. 40] | kang amurbeng ing jagad ||

8. Muwah iku têgêse amuji | ngagungakên ing kagungane Allah | rêna ma(ng)ke satitahe | têgêse iman iku | manut perintahe jêngira nabi | jêngira Nabi Muhammad | rahmani Yuwang Agung | ratune agama sampurna | pan nora ana agama liyan puniki | merga agama Islam ||
9. Lamun tinakonan sira malih | dok ing kapan anane wong Islam | sumahura aja suwe-suwe | natkala Islam ingsun | satêkane dina perjanji | lan dina kinukuhan | dinadekên ingsun | dening Hyang kang maha muliya | ing nyawane kawula puniki | têkane dina sêmaya ||

10. Jinajinan duriyat iki | dok sêmana atampa nugêrahan | padha muji ing [hal. 41] Pangerane | kentun puniku | Pêngeran kang maha suci | mujare kang sêtêngah | mangke nyawa iku | sêtêngah iku mêngkana | dadi kabeh usholi ajale sami | mulane ana Islam ||

11. Ing wong kapir pan mêngkana ugi | nora beda sameya ajalira | pinasthi kahanan kabeh | denira Yuwang Agung | nora bakal sarira iki | wus jangjining Pangeran | datan kêna mu(n)dur | pepasthinira Hyang Sukma | nora bakal sampun kersaning Hyang Widi | dadi têmah mêngkana ||

12. Nora beda lan rijêki sami | bêlahine apan wus tinulisan | punika kabeh mulane | nyatane Islam iku | lamun iya dina kang kari | iku pan durung nyata | kawula puniku | [hal. 42] anênggih ukum kewala | dening anuting pakarti | angistokakên syahadat ||

13. Kang sêwêneh kawula puniki | akeh kang wong agu(ng)gung baktinya | tan wêruh anyar kawêruhe | jêngira ing Hyang tan wêruh | yen Pêngeran kudêrat puniki | wênang lamun angganjar | wong duraka iku | anyiksa wong kang baktiya | upamane kawula ingkang urip iki | lir wayang satabela.

14. Ibarate tah iman puniki | kadi jarum kinadhut ing si(n)jang | lah iku

ibarate | liwat tegal alas agung | gegelira nora angawêruhi | wus têka aning paran | dinulu asuwung | tan wêruh ing pulahira | pasthi gawok kawula ingkang ngabakti | têka kaget anjula ||
[hal. 43]
15. Iku kabeh nyawa den kalingling | pirang bara wong kang ahlul iman | lamun tan wêruha kabeh | batale iman iku | kawêruhana depun nastiti | apan tigang pêrkara | punika kang karuhun | batale batin punika | kalih batale lahire ireki | ping tiga ing pangucap ||

16. Batale batin salah têkad neki | lamun sira anyataha ika | Pêngeran roro anane | atawa hanggawa iku | kathah rupa arah ing jirih | sêrupa lawan manusa | iku dadi kupur | batal ing lahir punika | pêkartine kaya pêkartining kapir | iku bataling badan ||

17. Kaping tiga batal lesan kaki | kaya kang nyêrat agêguyu ika | ing asmaning Allah têmahe | ***[hal. 44]*** kang sarupa puniku | kaya iya astaga minthik | atawa astaga wilah | ashadu mongka iku | sêpapadhane mêngkana | yakti kupur anggaguyu wong kang bakti | batine dadi kopar ||

18. Ngalalakên kang haram puniki | ngaramakên kang halal ika | iku kapir têmahane | sunat ingaran pardu | muwah suci ingaran najis | pardu ingaran sunat | iku dadi kupur | wong ênom depun perayitna | akeh kang wong anganggêp ujar iki | tan wêruh yen dadi kupar ||

19. Lamun sira tinakonan sira iki | anak putune sapa sira | sumahura aja suwe-suwe | nabi ingkang rumuhun | nabi Adam pur(wa)ka jalmi | lan lamun ***[hal. 45]*** tinakonan | agamanira iku | sangking pundi pinangkanya | agamane nabi Ibrahim kang dadi | tinut agama Islam ||

20. Lamun sira tinakonan malih | sangking umate nabi sapa | sumahura aja suwe-suwe | Nabi Muhammad Rasulullah | Sollallahu Alaihi Wasalam | inggih punika nabi kawula | nabi kang panutub | lan malih madhabira | muwah sapa imanira puniku si(ng)gih | sumahura den i(ng)gal ||

21.[3] Satuhune iman sepuh nênggih | pan ing dalêm madhab kang minulya

[3] Bait ini seharusnya 10 gatra (larik)

| ing wong mukmin kabeh | pêngulune ingkang anut | ingkang wêdi la(ng)geng ing Yuwang Widi ||

22.[4] Iman saking punika | kang sinung rahmat iku | rahmate Allah lan salam | amertakakên | sêkehe ukum ***[hal. 46]*** kang adil | rukun kêlawan sarat ||

23. Lamun sira tinakonan malih | apa iku sirahe iman | kang sira imanakên kabeh | lah apa atinipun | iya badane iki | apa cahyaning iman | lan papatipun | muwah saringate iman | lawan apa cukule iman puniki | lan kabisanane iman ||

24. Lan wijine iman iku êndi | lan uwohe iman iku apa | godhon(g)e lawan kulite | lawan pêlatikanipun | muwah lawan oyode iki | lan êndi umahe iman | lan pêleleranipun | lah gêlis sumahura | pêtakonan iku kabeh den patitis | jawabe pitakonan ||

25. Sirahe iman tan liyan puniki | ***[hal. 47]*** ing ujare Laillahaillallah | atine iman jatine | maca Quran iku | lan badane iman puniki | anêbut asmane Allah | maring kang maha luhur | kang bênêr cahyaning iman | pêngêtepe iman hikmat iku singgih | pangaji dera ingkang karya.

26. Mêmanise iman iku suci | lahir batin nira | cukule iman jêkat lan pitêrahe | muwah lan kabisananipun | sêrta wêdi maring Hyang Widi | angarêp-arêp rahmat | maring Hyang kang luhur | muwah sarengate iman | angalalalakên kang halal saking Hyang Widi | ngaramakên kang haram ||

27. Wijine iman ***[hal. 48]*** puniku ngilmi | wohe iman | mangke sholat sunat | awêdi iku godhonge | awirang kulitipun | muwah iya utêke reki | dunga otote iman | ing atine wong mukmin punika singgih | lan pêrerenane iman ||

28. Sholat sunat pêrerene sami | lawan malih | lamun tinakonan | ing dalêm iman arane | lawan iman sira iku | sahurêna ta dipun agêlis | ingsun tah sarta iman | iman sipat ingsun | margane wêruh kahanan | ingkang

[4] Bait ini seharusnya 10 gatra (larik)

iman tunggal lawan budi | mulane wêruh ing tekad ||

29. Bumi langit pan minangka uwit | kênugêrahan sihira Yuwang Sukma | [hal. 49] amarintah kêkasihe | apan iman iku | pan minangka lantaraning sih | lahire kanyataan ||

30. Pangucape iku | kang kuwari punika | abêrangtane | punika dipun lênggani | lahire pangucap ika ||

Pupuh 8 - Kasmaran

1. Sampunane sêmbah lan muji | den wêruh sira ing kiblat | dudu ing Mekah pernahe | kang aran kiblat ika | sela timbang lan êmas | Ka'bah Mekah puniku | Nabi Ibrahim ingkang karya ||

2. Sing sapa sêmbayang iki | madhêp ing kiblat Mekah | batal iku sêmbayange | tan wêruh jatine kiblat | kiblat wong sarengat | aneng arsa Hyang Agung | kang amulat kang sinêmbah ||

3. Kang mamulah jêroning puji | iya iku [hal. 50] kang sinêmbah | kiblat iku jatine | kiblate wong thorikat | sarengat kiblate wong thorikat | abêbisik tan sêrambut | akarêp jiwa gung raras ||

4. Kiblatipun wong kingking | tan ana adhêp-adhêpira | kang nêmbah wangsul kabeh | tan ana adhêp-adhêpira | alêngis jênêngira | amilu-milu sujud | lir sarah aning samudêra ||

5. Awas dadiya luwih | ora ana kiblatira | kang anêmbah pindha gawe | nora ketang ing kiblat | wus mulih sajatinya | pan ora ana jatinipun | ana apa ing kawula ||

6. Lamun sira angabakti | sampurnane kawêruhana | tunggalna ing karone | yen wêruha ing panunggal | êbêntusa kangelan | pindha gawe sêmbahepun | lamun sira tan wikan ||

[hal. 51]
7. Pagurokêna kang jati | pêkiwuhe wong lumampah | lamun sira tan wêruh jatine | kalangkahan kasurupan | muwah ingkang sinêmbah | lawan kang pinuji iku | lamun sira tan wikan||

8. Kawêruhana depun yakti | napsune sholat punika | iya kang niyat jatine | dudu niyat ingkang kocap | anêmbah amuji ing Hyang | sing sapa kang nabda iku | mapan kapir jênêngira ||

9. Kapire kawula sami | malih karsa Hyang Sukma | wiyose kang niyat kabeh | dudu niyat iku aksara | dudu cipta meyang akal | wiyose kang niyat iku | juhar awal jênêngira.

10. Têgêse punika malih | jênênge kang ana ika | iya sira iku kabeh |
kang aneng dunya akherat | marmane tan ***[hal. 52]*** aksara |
kang niyat mangke puniku | iya Allah jatine ika ||

11. Kang ora iku malih | iya Allah jatinira | kang cipta pan Allah kabeh | kang angên-angên Allah | dipun gêrahitaha | kabeh jênêngira iku | sampun kaliru ing tampa ||

12. Anapun nyawane singgih | kang sholat mangke punika | ing takbirotul ihram reko | minangka nyawane sholat | dudu Allahuakbar kewala | kabeh-kabeh puniku | lahir batin iya Allah ||

13. Oro wênang kawuleki | angagungakên ing pangeran | kang agung sari kabeh | mapan sira kagungane Allah | pan anane datullah | têgêse datullah iku | amuji ing awakira ||

14. Mapan kawula singgih | nyatane dat maha muliya | iya kang aran ***[hal. 53]*** kabeh | takbiratul ihram ika | apan sirahe sholat | Patihah kabeh puniku | Alhamdulillah Patihah ||

15. Kang aran Patihah puniki | êrah ilapi ku Patihah | iya kang ingaran kabeh | Alhamdulillahi punika | iya rah ilapi ika | têgêse rah ilapi iku | jatine datullah ||

16. Iya rah ilapi singgih | jatine iku datullah | dudu huwallah têgêse | rah ilapi iku sing aranana sapa | rah ilapi Allah iku | kapir mangke jênêngira ||

17. Sing sapa ngarani singgih | wawacan Alhamdulillah | kang aran Patihah dene | kapir mangke jênêngira | kapireku kawula | ora wêruh ing jatinipun | punika mulane kupar ||

18. Anapun balunge singgih | kang sholat ruku' ***[hal. 54]*** punika | dudu ruku' ingkang angling | têgêse ruku' punika | nyilikakên sarira | têgêse cilik puniku | sêdarahing ananira ||

19. Têgêse sêdarah singgih | êrah kang mujaran ika | têgêse rah rasa kabeh | rasanira dat mutlak | iku rukun arannya | anapun jasade iku | kang sholat nyatane ika ||

20. Tangine saking rukuk malih | têgêse tangine ika | eling-eling pinangkane | kabeh sangking ana | maring ora ana | sajatining ilang sireku | tangine saking rukuk ika ||

21.[5] Anapun sukune malih | kang sholat salam punika | dudu salam kang katoton | têgêse salam punika | kekalih tuwan puniku | jatine rah lawan jasad ||

[hal. 55]
22. Mulane nulih-nulih | ajatine roh lan jasad | jinatenan kahanan kabeh | wiyose roh ananing Yang | iku salam kang awal | têgêse kabeh puniku | nulih têngên lan ngiwa ||

23. Têgêse puniku malih | jisim latip punika | jinatenan saha kabeh | sipat kailokaning êdat | selamat karo ika | iku pan satuhunepun | anulih têngên lan ngiwa ||

24. Têgêse puniku malih | jisim latip punika | jinatenan saha kabeh | sipat kailokaning êdat | sêlamêt karo ika | iku pan satuhunepun | anulih têngên

[5] Bait ini seharusnya 7 gatra (larik)

lan ngiwa ||

25. Tangane sholat puniki | iya ayat dudu ayat | kang aneng Quran kabeh | kang winaca aneng papan | tinulis ing dêluwang | kang ***[hal. 56]*** ngêrungu ing gêrananipun | dudu Quran iku tandha ||

26. Ananira iku singgih | tandhane anane Allah | ayat iku arane | kang aran tangane sholat | apan jatining sholat | ati rohani puniku | iya jênênge datullah ||

27. Têgêse kabeh puniki | ananing dat maha muliya | sampun sampurna tingale | tunggal sampurnane tunggal | dudu napi kang tunggal | têgêse napi puniku | roroning tunggal ing tunggal ||

28. Gusti lan kawula singgih | tan antara amosa ika | dadi kanugêrahan kabeh | lamun antara masaha | mangsa muniya Allah | kabeh mangke puniku | nyatane purbawasesa ||

29. Pengandikane Yewang Widi | maring ing kêkasihira | ingsun akarya malige | ***[hal. 57]*** marang ingkang kinasihan | iyeku iku kang dhadha | jêrone dhadha iku kalbu | jêrone kalbu ja(n)tung tuwan ||

30. Jêroning ja(n)tung puad neki | jêrone puad budi tuwan | jêrone budi mangko | jinêm ing wastanya | jêro jinêm sukma | iya rasa ing jêro rasa panuwuh | iku rasa kang sampurna ||

31. Kawêurhana iku kaki | dhadha astaning Islam | kang kalbu punika dene | apan anane iman | kang jantung iku tuwan | iku astanane kawêruh | kang budi kabeh tuwan ||

32. Budi astanane dhekir | jinêm astananing sukma | kang sukma puniku dene | astananing puji sêmbah | punika pagurokna | aja katungkul ing têmbung | agung kang wong ***[hal. 58]*** kêna sasar ||

33. Akeh wong kang paksa luwih | tan ayun gaguruwa | wus den nyana bênêr kawêruhe | tan wêruh yen marga pêringga | ering-ering ing jurang | sênandhungan ngisor dhuwur | yen tiba nora kêpalang ||

34. Marga iku apan rungsit | den meling ing wong lumampah | yen dêlanggung akeh êrine | babadan rêbasana | aja age-age lumampah | yen sira tan wêruh ing laku | mulane ira sasar ||

35. Pelih-pelih wong kang urip | lamun tumêka ing pêjah | lamun durung tiba sihe | Pêngeran akarya muliya | yen tanana sihiyang | den meling sira ing ayun | durmaning kang antuk marga ||

Pupuh 9 – Durma

1. Wo(n)tên malih cêrita ingkang gumatiya | ***[hal. 59]*** sabda rasul kang winarni | apitutur ika | maring ing putêranira | eh Patimah putêra mami | wadon Patimah | nora patut lawan laki ||

2. Gêlis sira kang putêra winurukan | adhuh anakingsun gusti | rungokêna anakingwang | polahe wong wanudiya | rungunên wawêkas mami | ingkang pinêngêran | nini aneng dunya iki ||

3. Pan sêkawan kathahe kang pinêngêran | dhehin yaya lawan bibi | mulane mêngkana | yaya akunên Pêngeran | ana titipan tah nini | dasa pêrkara | lalima suwang-suwang uni ||

4. Sangking bapak lalima kathahe ika | pusêr têkeng bapak iki | otot balung ika | rambut têka ing bapa | untu kukunira nini | têka ing bapa | lalima suwang ***[hal. 60]*** ugi ||

5. Kêrananipun mêrtuwa akunên Pêngeran | aweh dona rasa nini | kaping pate ika | guru akunên Pêngeran | atudhuh marga kang luwih | lawan wanudiya | wajib gaguru ing laki ||

6. Lah mulanipun wontên lanang ika | kaya apa artineki | ing wong lanang | sabab sira wadon nini punika | alah wus dileh nini | kuwasane lanang | kang sangking Allah puniki ||

7. Mulanipun wong murtad gurune ika | agung papadon neki |
ing laki pan mêngkana | ulih bebenduning Widi | cinukel sirahneki |
sirah sinungsang | têlapakan dadi rahi ||

8. Iya iku siksane murtad ing guru ika | lan cilaka ing laki | mu-***[hal. 61]***-
ler matanira | dawane sakilan | ilate den ered uni | tur kinucara | rinante
bêlanggu wêsi ||

9. Tur riyante wong iku ing wêsi abang | cangkême sanasukan iki |
timah ajur kinala | tangise angaruhara | sambate amêlas asih | pan lakinira
| sinambat-sinambat mati ||
10. Kawêruhana nini pan sangking Pêngeran | pêpitu gunge nênggih |
kang rumehin tuwan | iya iku paningal | ping kalih pamiharseki | lan
kaping tiga | pêngambungira nini ||

11. Lan kaping pat pangucapira tuwan | kaping limane malih |
akal iku tuwan | kaping nêm pangawasan | ping pitu nyawa puniki |
jangkêping sanga | titipane Hyang Widi ||

12. Pan punika nini kabeh tan | ***[hal. 62]*** kêna dirusak | têkeng dina kang
keri | apan gagadhuhan | kabeh sangking Pêngeran | malih ing kahanan
jati | den wêruh tah sira | paranane ilang sami ||

13. Lawan malih nini den nastiti sira | polahira alaki | aja sêmbrana | yen
mulih lakinira | lamun dalu den nastiti | yen ing ngandikan | aja age-age
guling ||

14. Lamun rahina babu nastiti uga | lamun darbe tatami | adoh sangkanira
| den gêlis suguhana | sapanen kêlawan manis | lan kêramanana | iku dipun
nastiti ||

15. Den nastiti sira asasuguh tuwan | aja rêrasan sira nini | aja ngusap-
ngusap rema | aja lajang ***[hal. 63]*** iwuh sira | aja rêrasan kêlawan nangis |
akêbês-kêbês sira | aja angliga singgih ||

16. Sangginarap wasutên kêlawan toya | sarta ingkang bêrsih | kang haram
êlapana | Najis makêruh iku tuwan | êlapana den suci | lan malih tuwan |

yen lunga kaki wong neki ||

17. Aja pêgat sira nini apuwasa | lamun adoh paraneki | pan pinêdhakêna | Gusti marang Pangeran | antuk marga kang luwih | sêlamêt ing lampah | antuk marga kang luwih ||

18. Lamun dalu aja pêgat atilawah | lamun rawuh kakung neki | aja ngaru mulat | winasuhana kang pada | usapên lan rema agêlis | mandhêga ing jugan | nini asunga bakti ||

19. Iya iku nini penglêbur ***[hal. 64]*** dusa | tur ginanjar ing Hyang Widhi | suwarga muliya | kang sarwa indah-indah | widadari samya pêrapti | akampuh sutêra pethak | rêng-rêng ngadhi ||

20. Tur alinggih maligi mirah kêncana | ganjaran istêri luwih | kang êbakting pêriya | kang anut ing lakinira | ing mangke karsaning laki | anêmu indah | tinêmu wong ngabakti ||

21. Dok ing kina nini amiharsa warta | ana istêri ayu luwih | abêcik kang warna | kinasihaning pêriya | tan idhêp wuruking laki | tansah nuwala | muring-muring maring laki ||

22. Lamun winuruk iku ing tata kêrama | iku tingkahing punang istêri | sumahur abênthak | matane pêlirikan | wêncanane seguk asêngit | wong lanang apa | kudu-kudu mêmêdeni ||

23. Pêrkarane kêdhapa maring wong lanang | amasesa ing pawestêri | tur mongsa bedaha | lanang lawan wanudya | puniku ujare nini | wong wadon ika | kang lanang wong mukmin ||

24. Wus mêngkanane tumêka ing pêjah | wong kakung lawan istêri | wanudya punika | manjing jêroning nêraka | kalintang siksa den panggih | anandhang dusa | tangise abêrik-bêrik ||

25. Nora pêgat lakine kang dipun ambat | adhuh-adhuh Gusti mami | êndi sih tuwan | bênêr tah ujar dika | kakang tingalana mari | êndi sih tuwan | dok aneng dunya muni ||

26. Lah êntasen kawula sangking nêraka | kawula ajeng tobating laki | la tah tingalana | Allah sakarsa Hyang tuwan | kawula anut ing laki | kawula tobat | pun lah iba puniki ||

27. Dok ing dunya kêliwat sihe kawula | êndi ujare gusti | ana ngêndi tuwan | kakang êntasen kawula | nora linyok ujar uni | yen isun anuta | parintah irêng uni ||

28. Supayaha kawula manggiha papa | mangke baya kupanggih | mangke ujar tuwan | dhuh kakang gustiningwang | nêngêna punang estêri | kakung kocapa | aneng suwar-***[hal. 67]***-ga kang luwih ||

29. Pan lintang sukane wong aneng suwarga | tan pêgat akêrasmin | tansah anderawina | mangan anginum tuwan | bêjane kang dipun panggih | alinggih sira | ana ing suwarga adi ||

30. Ing ngayapaning widadari ayu angraras | samiya ayu murti | tan kêna winarna | panira wong suwarga | pêmbayune nêgari gadhing | risampunira | kakunge angrungu tangis ||

31. Apan sangking bêrkating mungguhing sukma | malih ing para mukmin | dadi ngarungu suwara | sambate wanudiya | eling-eling suwarane kang istêri | nuli pinaranan | mangke suwaraning tangis ||

32. Sangking bêrkating iman ***[hal. 68]*** mungguhing sira | asêrêp kang punang api | dadiya ingulatan | kupanggih istêrinira | anangis ajêrit-jêrit | amêlas arsa | kakung anuli marani ||

33. Pinaranan istêri rinangkul sigêra | dhuh ariningsun gusti | nora linyok ingwang | ujaringsun ing kuna | nora sira idhêp yayi | lah kaya apa | polahira mas gusti ||

34. Nguwuh-uwuh istêrine sarwi karuna | kakang jêngira gusti | sampurnanên amba | sangking cilaka amba | sintên kang ngapuraha gusti | dusa kawula | sintên ingkang asih ||

35. Pan kawula kakang pan sampun tobat | panêdhaken kami | maring kang murbing rat | kakunge aris ngandika | nora kêna tobat yayi | beda karo aneng dunya | kêna wong tobat ||

36. Beda yayi lawan dok aneng dunya | kêna wong tobat gusti | mangke kaya apa | wus hukume Pangeran | tan kêna wong tobat yayi | nuli ing ngêmban | istêri rinangkul agêlis ||

37. Sihe pamulenira Hyang Sukma | mêmule iman luwih | dadi sinalinan | widadari ing suwarga | rupane kaya istêrineki | muwang pangucapnya | istêrine pinisah malih ||
38. Pan kang ***[hal. 70]*** istêri linêbokêning nêraka | iku mulane nini | pêriyatna sira | maring pawartanira | mungguhing wong kang urip | tan durung pêjah | yen tan bakti ing laki ||

39. Tan sampurna nini dening wong kang liyan | mangke sari-sari iki | muwah nini sira | nadiyan sira baktiya | yen tan bakti maring laki | kurang sampurna | pêrkarane wong laki rabi ||

40. Lawan malih iku wajib kawêruhana | waktu lalima nini | iku den waspada | mangke sanunggal-sanunggal | apan wajib wong ngaurip | tur linampahan | minangka jakat nini ||

41. Waktu subuh punika kalih rêkaat | ana dene jasad ***[hal. 71]*** neki | lawan nyawa ika | waktu dhohor punika | patang rêkaat puniki | pan tanganira | lan suku karo iki ||

42. Waktu asar punika patang rêkaat | dhadha gigir buhu kalih | waktu magrib tuwan | iku tigang rakaat | cangkêm êlenge irung kalih | den wêruh tah tuwan | iku mulane iki ||

43. Waktu isyak punika patang rêkaat | mata lan kuping kalih | waktu kang sanunggal | sakbakdane pun isyak | minal witri wastaneki | kalih rakat | leng-lengan roro gusti ||

44. Dubur lan kubur wolulasira | rakaatul witir malih | jajithok mulanya | iku dadi sampurna | mangke ***[hal. 72]*** sarireki | wus wêruh sêtya | mulane

waktu nini.

45. Yen tan wêruh mulane waktu punika | durung sampurna nini | kabeh idhêpira | dadi wong ika | sasusur kang pinanggih | pêrayitna | sinoman lumaris ||

Pupuh 10 - Sinom

1. Kawikanana denira | lungguhe kang utami | kang wus tumêka ing mangko | pan pilih ingkang dumugi | lamun tan ana iki | sih Hyang maha luhur | pelih-pelih ingkang tumêka | lungguhe kang sampun luwih | wong sampurna jumênêng patang ***[hal. 73]*** pêrkara ||

2. Rumihin kang kalampahan | murtad jênênge reki | iku nini kawêruhana | kaya kang kocap rumehin | nini depun nastiti | aja kêliru ing tutur | pelih ing wong tumêka | pan iku marga kang rusit | marga sunya pelih-pelih kang tumêka ||

3. Dadalan iku pêringga | puniku nyawa den meling | ering-ering ju sangkan | perenge têrju alungit | puma depun pakeling | akeh wong tuna luput | ***[hal. 74]*** apan amasamar | agung simpangane puniki | yugiya sira kabeh kaki den pêrayitna.

4. Den sami aguguruwa | pungguhe wong ahurip | nora wurung sira pêjah | upamane wong ahurip | lir wong lalungan nini | kadiya sih wong dadunung | purwa mulih uga | ing umahe iku nini | pan sêkehe dumadi kêna ing rusak ||

5. Ing têmbe dina kiyamat | sêkathahe kang dumadi | pasthine kêna ing pêjah | ***[hal. 75]*** anging tah puniku nini | papitu kathahneki | tan kêna rusak puniku | suwarga lan nêraka | loh kalam ngaras lan korsi | nyawa iku nini tan kêna ing rusak ||

6. Anging tah puniku anyar | linagêngakên ing Yang Widi | puniku ni den awas | pagurokêna den yakti | langgênge nyawa iki | aja kêliru ing sêmu | dudu iku langgênge bako | nora idam iku ni | pan punika anane sarang

akathah ||

7. Tur ing têmbe nyawa ika | manjing ***[hal. 76]*** ing jasade malih | mêtu sangking kubur ika | padha awêden-wêdeni | nora ana kang nyamping | lanang wadon wong puniku | kapir Islam mêngkana | Patimah ngarungu warti | pituture jêng rama nabi Mustopa ||

8. Muwah nini angisêk-ngisêk | angerengen sabdane laki | anangis alara-lara | awirang mangke ing Hyang Widi | angrangkul padane laki | kakang paran pulahisun | ing têmbe kawula wirang | andulu samane urip | paran kakang ***[hal. 77]*** ing têmbe pulah kawula ||

9. Yaktine kawula awirang | andulu samining urip | nabi rasul angêndika | dhuh nini aja anangis | mênênga uga nini | rungunên mujaringsun | lamun sira arsa sêsinjang | awastêra kang adi-adi | adanaha sira ing santêri kasihan ||

10. Iku nini kang wastêra | ing têmbe kiyamat gusti | lamun adanaha ika | wong mati tanpa kopeki | iku ingkang nyamping | ing binjing kabeh wong iku | iya padha awastêra | yen tan mêngkanaha nini | yakti sira ing têmbe ***[hal. 78]*** iya wawuda ||

11. Mênêng denira karuna | rena pituture laki | angandêl sihing Yewang Manon | ilang duka ciptaneki | nuli sira sung bakti | kakang anêdha katingsun | sangking jêng paduka | nuwun nugêrahaning Widi | muga kakang pangeran angemutena ||

12. Sêkathahe wong kang maca | muwah kang ngêrungu sami | yugiya kabeh ngistokêna | aja sira esak sêrik | aja angina malih | pawartanira jêng rasul | utawa mahiduha | lan kapir sira ing mangkin | tur kuwalat langgêng aning jêro ***[hal. 70]*** naraka ||

13. Jênênge kapir lan kupar | yen tan wêruha ing basa iki | patêmune rasa ika | rasane kakung lan istêri | anarimaha sira iki | rasane purba iku | sirna anane tuwan | rasane kawula mami | singgih norakêna sak sêrik ananira ||

14. Dudu jisim dudu sukma | apan kang sukma puniki | iya kang nama

Allah | puniku kahanan urip | tunggal kahanan jati | ena kahanan Hyang Agung | iku jatine tunggal | urip patamune urip | iya iku patamu-*[hal. 80]* ne wujud tunggal ||

15. Iku sajatine sukma | rasa tunggal iku singgih | yata patamune rasa | purbaning rasa sajati | iya kang maha suci | Allah sajatining wujud | kang maha suci tuwan | urip tunggal lan singgih | apan laki sêmana iku muliya ||

16. Punika dipun gêrahita | pagurokêna kang sajati | aja katungkul ing têmbe | ruruhên dipun pêtitis | den têtêp angabakti | aja agunggung ing laku | agung wong kang kêna sasar | nora Islam angabakti | nora Islam sira padha apuwasa ||

17. Miwah jakat lawan pitêrah | *[hal. 81]* dhasthar lan kulambi | pan agung wong kêna | iku bapa den pakeling | aja katungkul ing laki |mangke denira lumalaku | mêrga iku asamar | agung bêncana ing mêrgi | pasthi sasar yen sira nora yatna ||

18. Babadana rawasana | dêlanggung singêt asingit | sêdurunge apan kathah | marga agung êrineki | poma depun pakeling | pakiwuhe wong lumaku | lamun nora yatnaha | agung kang wong kasêliring | lamun tiba sira nora kapelang ||

19. Ering-ering pinggir jurang | dêlanggung pereng alupit | yen sira nora tumingal | tan sampurna idhêp *[hal. 80]*-uni | depun perayitna kaki | aja wêdi agaguru | agung wong kêna sasar | agunggung ngelmu peribadi | nora wêruh kawêruhe yen maksi bakal ||

20. Masalah ingkang utama | kawêruhana iku kaki | lungguhe sanunggal-nunggal | kawula kang sampun singgih | lungguh pêtang perkawis |
iku kang kocap rumuhun | murtad jênênge ika | kapindho suwung puniki | kaping tiga kupur wastane tuwan ||

21. Kaping pat kapir wastanya | muwah têgêsipun malih | nora iman ananira | tan ana Pangeran neki | iku kang *[hal. 83]* den rêgani | têgêse puniku | tapa nabi tan patêkah | kang suwung têgêse malih | tanpa rungu

tanpa napsu tingalira ||

22.[6] Nora ana pêngengêtan | tanpa kawêruh tanpa ngilmi | sirna jênênge kawula | têgêse kawula iki | barang kang mujud iki | kahanan kabeh wus lêbur | anapun têgêse murtad | nora panarima iki | nora ana kawula gusti tan murba | pinurba iku | pasthine panarima | iku kang purba sêjati | wong sampurna kang sêjati pangucapira ||

23. Kang jati pangucap purba | ***[hal. 84]*** poma tah nyawa den meling | puniku aja kawêjang | samarna iku kaki | pêkiwuhe jêro iki | peling-peling ingkang wêruh | iku pêgurakêna | den bêcik depun nastiti | lamun luput nampani pan dadi kupar ||

24. Suwêneh ing wong punika | mêngeran awakneki | anyana ana ing jaba | utawa ana ing jêro sami | ingisor lan luhur sami | ana ing kiwa têngên iku | den wêruh sêmuning tunggal | dudu tunggal ingkang tunggil | pan Pangeran maha suci ananira ||

25. Tan kêna winarning dêri-***[hal. 85]***-ya | kahanan nira Hiyang Widi | adoh nora tanpa wangênan | parêk nora tunggal kaki | lamun adoh lan gusti | tanpa polah sira iku | lamun sira tunggal | Pangeran roro lan sireki | yakti iku kawula tanpa ngêrasa ||

26. Tandhane iku wus ana | kang awas kawula gusti | kang tumêka sholat tunggal | tan ketang anane dasih | sirna kahanan jati | budi napsune wus lêbur | muliya kadiya do kora | tingale kang sampun luwih | iya iku kang tumêka sholat tunggal ||

27. Kang ingaran punika | sholat ***[hal. 86]*** jati iku singgih | pujine tanpa pêgat | sahadat jati namaneki | iku depun pakeling | agung kang wong melu-melu | lakune nora ana | paksa lumanjang ingceling | kang mêngkana punika kang dadi kupar ||

28. Pan pilih ingkang tumêka | kawula puniki | lamun ana sihe Hyang Manon | kawula mukmin singgih | nora kuwasa kaki | yen Allah nora

[6] Bait ini seharusnya 9 gatra (larik)

atulung | nora kuwasa bukak | têtêbing Hyang Maha Suci | lamun nora Hyang Sukma akarya muliya ||

29.[7]Hyang Sukma yen arsa bukak | katingalan cahyaning ***[hal. 87]*** asih | dadi panjering deriya | ingaran telenging sih | dadi nerimeng ati | ngerahaning Hiyang Agung | dadi sira tan pêgat peningalira ||

30. Punika kang katingal | wujud papat kathahneki | karihin wujud mutlak | têgêse mutlak kaki | sajênêng Allah singgih | amuji kiyambakipun | tuhu dhawakira | yen esa kahanan diri | kaping kalih ingaranan wujud tunggal ||

31.[8] Têgêse pangeran kita | wênang purbawaseseki | agawe apulah | kaping tiga wujud gaib | sukma tunggal puniki | tan kakalih ***[hal. 88]*** ananipun | kaping pat wujud purba | têgêse puniku malih | kahanan Allah singgih | namane kang ingaranan | iya namanepun dhiri | kahananing Yuwang Widi | kang aran tunggal puniku | nora ana nama tunggal | kang liyan sangking Yuwang Widi | den pêrayitna aja mungkur ingkang lampah ||

Pupuh 11 – Pangkur

1. Mulane sastêra sêkawan | punika wujud sêkawan nênggih | den yatna mulanipun | nama Allah sêkawan | pan Muhammad sêkawan ing sastêra iku | mim awal lan he tuwan | mim akhir lan dal singgih ||

2. Iku hakekating jagad | kawêruhana wêdale sawiji | tetese mim awal iku | tur ajale mangko sira | tetes ***[hal. 89]*** rasa rumihin puniku | lamun he iku tuwan | lah kalam ngaras lan korsi ||

3. Lamun he iku tuwan | pamêdale lah kalam ngaras lan korsi | suwarga lan nêraka iku | tetese he tuwan | lamun mim akhir mangke tetesipun | bumi langit ananira | sêgara gunung inguni ||

4. Kang sastêra êdal punika | pamedale kahanan iku singgih | nyawane

[7] Bait ini seharusnya 9 gatra (larik)
[8] Bait ini seharusnya 9 gatra (larik)

malaikat iku | êjim lawan manusa | iblis pêri lawan pêrayangan iku | muwah sêkathahe kewan | mêtu saking dal puniki ||

5. Iku den wêruh mulanira | hakekate jagad sawiji-wiji | sastêra sêkawan iku | utusan gih sêkawan | ***[hal. 90]*** kiblat sêkawan kathahe puniku | ngilmu sêkawan gungira | saringat thorikat kaki ||

6. Hakekate lawan makripat | êlam sêkawan mulane iki | napsu sêkawan gungipun | punika mulanira | dipun awas tuduhireku | nabi sinelir sêkawan | kinarya saseki uni ||

7. Nabi Ibrahim utusan | pan sinelir ing Hiyang Widi | dene jajulukipun | Ibrahim halilullah | Kang ingakên mintar dening Hiyang Agung | Nabi Musa pan utusan | sinelir dening Hiyang Widi ||

8. Apan jêjuluk Rohullah | pan ingakên putêra dera Hiyang Widi | Dewi Wuriyan nameku | ingkang sumah hiyang | Nabi Muhammad ***[hal. 91]*** kakasihira Hiyang Luhur | ajêjuluk habubullah | ingakên mangke gagati ||

9. Apan ta ora ana liyan | nabi iku kang minangka gagati | apan nabi wêkasan iku | panutub nabiyullah | kang minangka gagatinira Hiyang Maha Luhur | dadi ratu dunya akherat | kahelokaning Hiyang Widi ||

10. Apan anane Pêngeran | datan kêna apan winarneng budi | tatelane Hiyang kang maha luhur | sipat tigang pêrkara | sipat jalal sipat kamal ing Hiyang Agung | kaping tiga sipat jamal | têgêse jamal kêrihin ||

11. Kagunganira Hiyang Sukma | mapan nyata kahanan dumadi | atuduh maring Yuwang Luhur | ***[hal. 92]*** têgêse sipat kamal | kang sampurna Pêngeran kang agung | kang tan arsa kawuwuran | kahanan Hiyang Maha Suci ||

12. Nora arah nora ênggon | tuwan nora arupa wahu Hiyang Widi | apan ana kahananipun | muwah kang sipat jamal | kahelokan sira ing Hiyang Maha Luhur | wajib Pêngeran kita | ujub riya lawan kibir ||

13. Têgêse ujub punika | anggagawok sira ing kawuleki | têgêse kibir

puniku | mastheakên durunge ana | lan têgêse ujub riya iku | suka duka kagungane Hiyang | ababungah dhawak singgih ||

14. Iku kaki awasana | lan den sarta pagurokên malih | tataline Hiyang kang ***[hal. 93]*** luhur | ing sipat kahelokan | awasana kalawan netêra ing kalbu | lamun nora mêngkanaha | datan awas denira ningali ||

15. Apan ananipun êlam | pan minangka dalilira Hiyang Widi | sipat dadi madlul | awal akhir punika | lahir bathin tan ana selanipun | punika depun gêrahita | yen tan wêruha sira iki ||

16. Tan sampurna idhêpira | têmbe agung wong dadi kapir | den dalih Pêngeran iku | nora ana wujudnya | den arani Pangeran iku suwung | aken kandheg dening warta | tanpa warna rupa singgih ||

17. Agung wong kêna sasar | dene gunggung ing kawêruhira sami | ana agunggunging ***[hal. 94]*** laku | dene têtêp-têtêp ing sholat | nuwuh bathene sasar susur | agung wong kang mangkana | durung seruh sira ing desthi ||

18. Wudhu wahya lan jatmika | iku kabeh nora sira kawêruhi | wudhu jatmika kêlawan banyu | iku kêramasira | pangucape lawan niyatira iku | angalapi tuwan | rêrêgêde agung lan alit ||

19. Lamun wudhu wahya ika | pangucape tobat ananingsun iki | anêdhaha sira iku | pangapureng Hiyang Sukma | muwah nêdhaha pengapura sanakipun | yen kaluputan kang pertingkah | ing wong sanak sami mukmin ||

20. Anêdhaha pangapura | lamun ana tingkah singgol serik | lamun tan mêngkana ***[hal. 95]*** iku | wudhu datan sampurna | lan den sarta patobat maring Hiyang Luhur | lamun sira tan mêngkana | tan sampurna idhêpneki ||

21. Agung kang wong agagampang | pangucape akeh-akeh den gawe sandi | supaya awake depun gugu | dening sanak kadang | nora wêruh awake kaliru | ningali sipat kang papat | iman tauhid puniki ||

22. Makripat lawan Islam | apan durung padha ngêlakoni | sarengat tarekat iku | miwah lawan hakikat | lan makripat jangkêp sêkawan iku | iku saksi kang nyata | wujude lahir lan bathin ||

23. Pangandikane Pêngeran | maring malaikat Jabrail | asih Jabrail sireku | tumurun ing dunya | ***[hal. 96]*** wertakên mara ing kêkasihisun | ingkang aran Sulaiman | takokêna den agêlis ||

24. Patakonan iku apa | ingkang luwih najis puniki | sangking celeng lawan asu | la napa kang luwih jêmbar | sangking langit lawan bumi puniku | panas luwih sangking suriya | lawan gêni puniki ||

25. Kang atos luwih sangking sela | lawan waja adêm luwih sangking atis | lawan toya bun iku | landhêp luwih saking bêraja | pan Sulaiman aris denira sumahur | najis sangking sona | najis luwih sangking babi ||

26. Atine wong ngêmpêt tuwan | lawan atine wong dêdalih | ing papadhane Islam iku | ing papadhane ika kang luwih panas | angliwati api iku | ***[hal. 97]*** atine wong jahil ika | ngunêk-ngunêk ing wong mukmin ||

27. Ati ingkang atos ika | nora kaya atine wong budhuh iki | lawan ati esak iku | kang ati ika | angêliwati banyu kêlawan bun | atine wong mukmin ika | lawan para solih uni ||

28. Têkeng jê(m)bar punika | angliwati bumi kêlawan langit | atine ratu lan pêngulu | ati kang landhêp tuwan | angliwati landhêpe pêdhang lan dhuwung | atine wong kinasihan | landhêpe angliwati ||

29. Iku den kawêruhana | mulanira wong dadi kapir | sêseku agung katêmu | hadas wahya tan wikan | nora wêtuh bathine najis satuhu | den gunggung ngaji Quran | lan suwara amanis ||

30. Dene ***[hal. 98]*** kulambi lêlandhungan | lan dhasthar têbih ulêng ngêroti | aja gawa wak ing lumaku | iku nyawa den awas | lamun ana mangke ing wong pêksa luhung | periksanên ing turunya | yen bisa turu ing latêri ||

31. Mati jênênge gêsang | iya iku nyatane wong kang singgih | baktine tansah atanggung | tan melik sira ing dunya | datan eling ing arta dunya iku | asih maring pakir nistha | wêlas maring wong miskin ||

32. Iku tandhane wong Islam | kang sinungan marga kang adi | luwih lamun tan mêngkana iku | baktine durung Islam | pan punika jênênge anane iku | lagi tah hukum kewala | kang aran Islam puniki ||
[hal. 99]
33.Kabeh den sami pikira | kang anulis miwah kang maca iki | aja katut ing lagu | den sami gaguruwa | kang anurat gusti puniku | kasmaran wahu miharsa | nora ngarti wahu kang nulis ||

Pupuh 12 – Kasmaran

1. Den perayitna kaki | sêkathahe wahu kang maca | ing tulis niku dene | kang ana dêluwang | puniku marga samar | depun pêrayitna dika wêruh | semune marga samar ||

2. Panêdhane wahu kang nulis | dhumatêng kang sudiya maca | panêdhakên tah mangko | ing Pêngeran kang maha muliya | muga têtêpna kang iman | sêlamêta ing lampahipun | ing dunya rowing akherat ||

3. Dinulura ing rijêki sami | kang maca pada sêlamêta |***[hal. 100]*** muwah kang ngêrungu kabeh | padha dika anêdhaha | maring taalah | muwah maring para nabi wahu | sêlamêta sêdaya ||

4. Kawula atur udani | niyat kula tulung maring sudhara | mêlas asih ing karêpe | mênawa wagêd kaduga | lan den tarima | dening majang kuma purun | agagu tulung maring dika ||

5. Punika wirasaning tulis | pelih-pelih ingkang uninga | lamun botên tiba sihe | Pangeran akarya muliya | yakti nora uninga | yen ora lawan pitulung | sihira kang murbeng alam ||

6. Apan Pangeran puniki | sipat rahman murah | ing dunya têgêse mangko

| apan kewan amiliha | kagunganira Hiyang | apan sêkehe *[hal. 101]* mahluk |
kabeh iku sinungan pangan ||

7. Apan kewan sira amelih | pengawasaning Pêngeran | ngilmu pan mêngkana kabeh | kelakuan pan mêngkana | tandhane sipat Rahman | sami sinung bukti iku | sêkathahe wahu kang gêsang ||

8. Tan ana kurange iki | kapir Islam sinung pangan | nora ana kurange mangko | nora ana kang sinikang | miwah asih akherat | sipat rahim puniku | mulyaakên ingkan muliya ||

9. Muliyaakên iman singgih | tan muliya maring Pangeran | wong kupar mukmin kabeh | kang anut agama sukma | kabeh sinung ganjaran | lan kang anut agama rasul | iku tampa kanugêrahan ||

10. Kang aran agama suci | tan liyan agama Islam | *[hal. 102]* tinarima ing Hyang Manon | iku kinamulen Pêngeran | tuking dunya akherat | kang sinung rahmat Hyang Agung | denira Hyang Maha Muliya ||

11. Den wêruh kang dalan kiri | kang kanan depun pêrayatna | kang kiri asamar dene | pelih-pelih ingkang marga | kang têngên marga padhang | kang samun marga rahayu | kang kiwa marga sasar ||

12. Jêroning pulu agung singgih | têlênge gembira laya | ana puteri adi kahot | sêjagat tan madha | warnane tuhu indah | lamun ana wong kang wêruh | pasthi wong tilar nêgara ||

13. Pelih-pelih wong kang ngawêruhi | pernahe putêri punika |
yen sira arêp wêruh rupane | lampahana ing bahita | *[hal. 103]* aja kudu ngayangan | yen sira kudu pêksa wêruh | sampun amumung ing arta ||

14. Aja melu-melu berangti | yen sira durung waspada | akeh wong karama têmahe | mapan wong bêrangta punika | agung tilar nêgara | saking ajêngipun wêruh | tan ketang pêjah ing raga ||

15. Lamun wus wêruh ujar iki | wong iku nyata ing Allah | muwah

Rasulullah dene | kêrana tah linarangan | setuhune sinêmbah | kang pinuji luwih agung | pan norana ingkang liyan ||

16. Kang aran jatining puji | Laillahaillallah | iku narima ati kabeh | puniku wite agama | poma depun kunciya | rêrêsan sampun kawêtu | ***[hal. 104]*** lamun ana panujunira ||

17. Kang yugiya pinujêng ati | iya iku den wêruha | yen sêpêrti babi wonge | utawa sêpêrti hewan | iku aja winêjang | utawa malih wong iku | sêpêrti asu puletan ||

18. Lamun mêngkanaha kaki | punika sampun dinartanan | kêrana mêngkana wonge | tan antuk wêdi têmahnya | iku dudu rêrêsan | iya sahadat jênêngipun | iya rasa iya dat ||

19. Nugêrahan iya ati | iku panunggale tuwan | anging ati ku kang wong | madhêpe ati ku kang muliya | kang eling jinatenan | liyan kang ati sireku | apan tan wêwêneh tuwan ||

20. Tinarpan nugêrahan jati | iya atinira ***[hal. 105]*** tuwan | panunggale iku dene | kang jinaten iya dêriya | iya iku kang narima | panjêring Hiyang Maha Luhur | sarta kanugêrahane Allah ||

21. Ingkang anarima kaki | rasaning sih iya dêriya | kang sinadhangakên kabeh | ing Allah pitung pêrkara | | kang dhehin pêngawasa | ping kalih rasa puniku | kaping tiga urip tuwan ||

22. Kaping pat sihe Yang Widi | kaping lima kanugêrahan | kaping nêm paningal mangko | kêrana ati punika | norana turunira | dene kêsandhangan iku | peningale sih Hiyang Sukma ||

23. Dadiya tan kêna aguling | tan pêgat murub muncar | dene kêsandhangan kang wong | panjêring sihe Pêngeran | ***[hal. 106]*** dadi puniku cahya | dene cahya mangke iku | pan ati panjêring cahya ||

24. Kepanjêr cahyaning sih | iya iku kang ingaranan | têlênge sih iku arane | iku kang darbe pulah | iya ati punika | amanggih cahya adi luhung |

soroting namanira ||

25. Ati kang awas Yuwang Widi | muwah sira Rasulullah | iya ati iku dene | datan wêwêneh lan Allah | muwah tah Rasulullah | datan wêwêneh sira iku | anging sira dudu Allah ||

26. Ati mujara puniki | | kang karya suwarga | iya kang ati gone | kang tan arsa ing suwarga | | miwah mangke nêraka | apan sih ati puniku |
kang matokakên iya ||

27. Ing mangke sêkehe puji | Laillahaillallah | jatine ati dene | liyan ujar kang mêngkana | mapan ***[hal. 107]*** sih mujar ika | norana rupane iku | poma sih aja papeka ||

28. Ujar iku pan gaib | punika dudu rêrasan | teguhna iku kang wong | iku rasane datullah | pamanggihe kang nyata | ing Allah taalah iku | muwah sira Rasulullah ||

29. Mapan kawula iku singgih | wênang jumênênga tuwan | wali mukmin iku kabeh | aranana waliyullah | jumênêng urip wênang | muwah jumênênga suwung | aranana Rasul wênang ||

30. Lamun tan mêngkana kaki | pamanggihe luput tuwan | yen sira tan wêruh têgêse | ing jatinipun Pêngeran | muwah ing Rasulullah | nubuwat pêmanggihipun | yen dalih adoh iku Pêngeran ||

31. Den nyana ing jêro sami | den nyana ana ing jaba | ***[hal. 108]*** den dalih ingsor pêrnahe | den dalih luhur pernahnya | muwah kiri lan kanan | pêrnahe Pêngeran iku | punika kang durung mawas ||

32. Polahe sapa puniki | anane sapa punika | muwah pangucape kang wong | rupane sapa tah sira | datan wêwêneh tuwan | lamun sira wêruha iku | kabeh pan nora sulaya ||

33. Apan Pangeran iki | nyata jênênge datullah | pênglimpute Hiyang Manon | pênglimputan Rasulullah | liyêping atinira | sêdaya wasiseng luhur | iku den sami gêrahita ||

34. Nadiyan wasesaha kaki | pangucapira tuwan | mêlakuha sira raden | angambaha awang-awang | mêdalna kêramat | lumampaha limang waktu | sêdaya mêruhana kitab ||

35. Amacaha ***[hal. 109]*** usul iki | lan apal ngajiya Quran | lamun tan mêngkana kawêruhe | luput jênênge wong ika | têmahe wong dadi kupar | kabeh tah ujar puniku | poma sira den pêrayitna ||

36. Nyatane Pangeran singgih | muwah Rasulullah | apan iya sira mangko | anging sira dudu sira | lan tan wêwêneh sira | kang aran rasul puniku | tingaling sih ananira ||

37. Kang aran cahyaning sih | iya jênênge Datullah | panjêring sih iku dene | jênêngira Rasulullah | têgêse iku tunggal | iya panjêre pandulu | iya sih iya tingal ||

38. Iya tingalira kaki | iya sira dudu sira | anggone Allah nyatane | lan anane Rasulullah | anging puniku iya | kang suci mêngkana iku | jênênge ati mujarad ||

39. Kang aran ati ruhani | iya arane punika | ***[hal. 110]*** sêkehe angarungu kang wong | miwah sêkehe kang maca | den salim gaguruha | rêrasan iku pêkewuh | pelih-pelih kang uninga ||

40. Puniku rêrasan gaib | iku pasthi larangan | pamanggihe kang nulis mangko | ingkang tinêmu ing sahabat | lamun winajanga punika |kêloron tan ana wong wêruh | winejang kahananing ||

41. Tan kêna muniha kaki muliya | karsaning guru sahabat | utamane iku mangko | den estu jêroning nala | sing sapa maidowa | ing ujar kabeh puniku | dadi kapir muktajilah ||

42. Sêkehe wong kang berangti | lamun durung manggih mêngkana | nora sampurna kawêruhe | têgêse pan lagi bakal | poma sêkehe kang maca | depun nastiti ing laku | lamun tan astiti sira ||

43. Lamun sira tan astiti | aja sira melu-melu maca | kêna ***[hal. 111]*** pitnah têmahane | puniku dudu rêrasan | sabdane Rasulullah | lan sabdane susunan ratu | kang sari manggiri gajah ||

44. Têgêse rêrasan iki | tetelane Hiyang Sukma | ujub riya kibir mangko | yugiya padha ngistokêna | iku lungguhe tuwan | rurune kawula iku | têgêse ujub punika ||

45. Riya sumngah lawan kibir | punika depun waspada | wajibe Pangeran mangko | iku awisan Hiyang Sukma | tan dunung ing kawula | lawan imana iku | Laillahaillallah ika ||

46. Lamun tinimbanga ujar iki | Laillahaillallah ika | saisining jagad kabeh | lan pitung langit ika | yaktine ora padha | ujare Laillahaillallahu | Muhammad Rasulullah ||

47. Sing sapa maido ing tulis | ing pawartane Nabi Mustopa | dadi kapir ***[hal. 112]*** ku jênênge | ing dunya têkeng akherat | sing sapa ngistokêna | ing pawartane nabi rasul | sêlamat dunya akherat ||

48. Sing sapa maca kang tulis | muwah sêkehe kang miharsa | den sami pekir kabeh | den bêcik dera manah ika | mênawi luput têmahnya | aja wêdi agaguru | pan iku ujar samar ||

49. Punika ujar awingit | wong budhuh aja winêjang | kêrana budhuh wonge | tan antuk dadiku tuwan | mênawi agawe ujar | cêla-cêlu cangkêmipun | tan wêruh yen larangan ||

50. Tan wande pitnah malih | den karya bêbaya | lan agawoking sesamane | atêmah agawe ora | amrih dunya kewala | mêlaku iku ginuru | agung wong kêna mêngkana ||

51. Akeh wong mêngkana singgih | mêrih dudune sanak | amrih ginuro ***[hal. 113]*** nan bahe | sarine kang den etang-etang | puniku sampun rinunguwa | mujare wong kang sampun luhung | aja pisan mêngkana ||

52. Sampun mantun kang tinulis | ing dina Sênin punika | jumadil akhir

sasine | tanggal kaping duwa puluh tiga | lêgi pasarannya | ing tahun dal puniku | sakbadane kêbêsan damar ||

Pupuh 13 Dandanggula

1. Yugiya sami ngawêruhana iki | ingkang Nabi Hud ika | lawan malih ganjarane | pinêdhakên iku | apêrang sabil puniki | lawan sêkehe kupar | ganjarane iku | lamun winacakên ika | ing wong lara winarasakên ing Widi | bêrkate Nabi Muhammad ||

2. Nabi Muhammad iku ingkang siwi | Raden Abdullah muwah sira Abdullah | putêra Abdul Muthalib reko | muwah Abdul Muthalib iku | ***[hal. 114]*** nênggih wahu putêrane Hasim | Hasim putêrane Kahar | Kahar kang asunuh | sira Malik namanira | sira Malik putêrane Napis | Napis putêrane Naha ||

3. Muwah Naha putêrane Malik | sira Malik putêrane Talas | muwah Talas atmajane | Malar wastane iku | Malar Najar ingkang asiwi | Najar putêrane Malat | Malat kang asunuh | ajêjuluk sira Malat | ingkang Putêra Dawud punika singgih | Dawud putêrane Makuwa ||

4. Pan Makuwa Kahar ingkang siwi | muwah Kahar putêrane Yarab | muwah Yarab reke | putêrane Sajab iku | sira Sajab putêrane Sabit | muwah kang putêra | Nabi Ismail iku | Ismail kang putêra | Nabi Ibrahim Ibrahim puniku singgih | putêrane patih Ajar ||

5. Patih Ajar putêrane ***[hal. 115]*** Saru neki | muwah Saru putêrane Rahu ika | Rahu putêrane Abir reke | muwah Abir iku | sira Palat ingkang asiwi | Palat iku aputêra | mangke tah puniku | Palat putêranira Tasad | sira Tasad anakira ing Sam singgih | muwah ing Sam puniku ||

6. Ingkang Putêra nabi singgih | Nabi Nuh putêrane Idris ika | muwah Nabi Idris reke | putêra Nasar wahu | sira Nasar putêra Malik | Malik putêrane Pelat | Pelat kang asunu | sira Yunus tah punika | muwah Yunus putêra Tabit puniki | Tabit putêrane bapa Adam ||

7. Pan tumurun pêtang puluh kalih | turunira sangking Nabi Adam | têka Abdullah reke | ***[hal. 116]*** turun tumurun pêtang puluh | lan kakalih turunireki | têkeng nabi panutan | punika kang kahetung | muwah natkala sinurat | wirahose sêkehe andika nabi | pan sampurna kawêruhira ||

tammat wallahua'lam

Teks kedua tentang kisah surga dan neraka

Pupuh 14 – Durma

1. Wontên malih wahu wong kang tilar dunya | pangucape sampun lali | muwah pamiharsa | sêdaya nêningal | botên uninga nênggih | wusing mêngkana | sêdaya sampun lali ||

2. Sabab sampun pinundhut patang pêrkara | bangsane kang kinardi | pêtêng napsu luwamah | abang napsu amarah | supiyah ingkang kuning | mutmainah | pêthak pan wus mijil ||

3. Risampune nyawa rahmani punika | luwih ngadhaton wêngi | kelangkung pêtêngira | saking pêng ***[hal. 117]*** rasanira | lelampahan sewu warsi | pangrasanira | sêgara kukuse iki ||

4. Pengrasane lêlampahan sewu warsa | nyawa rahmani manjing | ing kutha muliya | pêngrasa sewu warsa | kang nyawa nuliya manjing | sêgara cahya | pêngrasane sewu warsi ||

5. Sarta iku apan sangêt katiga | ngêlake kepati-pati | sawusira mêngkana | mêtu kang nyawa ika | ana ing wulune mayit | ing mayit ika | sakdurunge den adusi ||

6. Natkalane kang mayit iku dinusan | adib nyawa rahmani | sampune dinusan | apan sampun ing pulesan | kang nyawa abali malih | ing jêro ulesira | yen binakta ingkang mayit ||

7. Maring kubur linêboken luwangan | ***[hal. 118]*** ngaton nyawa rahmani | sarêng lebunira | iku ayun mirsaha | pitutur lapate tangi | sinung uninga | nadiyan datan udani ||

8. Pan angarti sêkala nira sêmana | pamuruke Yuwang Widi | sawusira mêngkana | bubar ingkang agawa | kang nyawa tumuliya manjing | ing kuburira | mayit nuliya ngêlilir ||

9. Pinanjingan nyawa pitung pêrkara | ing dhadha puniki | supaya kuwasaha | ajawab patakonan | Munkarun wa Nakir iki | kang sami pêrapta | atakon maring mayit ||

10. Warnanira kalangkung gawok ebat | rema gimbel abêrintik | asangit siyungnya | andika netêra gumilar | pan atakon angajerihi | eh anak Adam | jawabên den agêlis ||
[hal. 119]
11. Anak Adam sapa tah Pêngeranira | lan agamanira endi | lawan sapa panutanira | lawan sapa nabinira | lawan kiblatira êndi | agêlis sumahura | sanakira kabeh êndi ||

12. Ingkang ulih nugêrahanira Hiyang Sukma | iku bisa nyahuri | Allah iku Pêngeraning wang | agama Islam agama kula | kitab Quran panutan mami | Nabi Muhammad | punika nabi mami ||

13. Kabatullah punika kiblat kawula | lan sêkehe wong mukmin | wadon muwah lanang | punika sanak amba | nuliya jawab den agêlis | wus bênêr sira | manut agama suci ||

14. Nuliya ilang malaikat roro punika | nyawa pinacat ***[hal. 120]*** malih | nanging taksih ngaras | tan pisah lan jasadira | yen kang antuk sih Yang Widi | nuliya tumingal | nêraka angajerihi ||

15. Katon kabeh apa isine nêraka | nuliya tumingal malih | suwarga katingalan | sarta isine pisan | kang nyawa langkung kapingin | datan antara | sampun gêlar sumandhing ||

16. Nyawa iku wis ing karangan | sampun kadiya suwargi | têka dina kiyamat | lamun ingkang duraka | suwarga katon rumehin | pan luwih indah | nyawa langkung kapingin ||

17. Tan antara kang nyawa nuliya tumingal | ing nêraka angajerihi | sarta lan isine pisan | apan katon sêdaya | kang nyawa kalangkung ***[hal. 121]*** ajerih | datan antara | nêraka wus sumandhing ||

18. Lan isine nêraka sampun gumêlar | nyawa siniksa agêlis | dhatêng ing kiyamat | sinigêg kang cêrita | bab kiyamat kang winarni | ing dalêm kitab | hadis kêlawan dalil ||
19. Natkalane tangi sangking kuburira | pêpêk kabeh kang jisim | têkeng wulu selembar | tan ana kaliruha | cerita pan wus lami | kang sampun gumêlar | pan gêsang cukule warni ||

20. Iya iku ana ing dunya ala | utawa kêlawan bêcik | ana kang kaya wulan | ana kang kaya lintang | kaya damar pating kêrlip | warna-warna | luhure kubur sami ||

21. Luwih lami upama lamun wilanga | anuliya kersaning Widi | nguripakên sêdaya | malaikat ***[hal. 122]*** sanunggal | apan malaikat Isropil | niyup sêsangka | den uripakên malih ||

22. Nuliya urip pan kinon niyup sêsangka | pan sangkane puniki | isine sêkeh nyawa | kang sangking nabi Adam | sêdaya pan kumpul sami | karsaning Allah | wus karsaning angliwati ||

23. Ingkang antuk rahmatullah cinarita | iman ing dunya lumaris | tur sarwi anunggang | lan papayungan | lan pênganggo luwih adi | saparanira | eca dennya lumaris ||

24. Gigiripun tan wêruh sangkane ika | sami aniba tangi | kang kulon mêngetan | kang wetan palayunira | mangulon aniba tangi | langkung sangsara | ngidul pêlayuneki ||

25. Pan mengulon tan ana ingkang ***[hal. 123]*** sinadiya | sangking gugupe sami | tan wêruh paran-paran | têka mêlayu padha | sarta ajêrit-jêrit |

kala sêmana | anggone tan ngawêruhi ||

26[9]. Sakêlangkung pan sami maras sêdaya | ingkang miharsa hadis | kiyamat gone siksa | warta pan sampun lami | awit nabi Adam | kabeh wus padha ngarti ||

27. Lan wong kapir sêdaya sampun tatela | irêng rahineki | sêparoning sangsara | sêsambate ngaruhara | sêdaya sami anangis | anggawa siksa | sêparone datan kari ||

28. Sampun sayah tumuliya ngangên sêdaya | ing perintahing Yang Widi | sêkehe malaikat | pitung langit sêdaya | pan kinon tumurun sami | maring ing Mahsar | apan kinon ***[hal. 120]*** anyêkêli ||

29. Ing sêkehe mahluk iku padha | bawahane wong sawiji | malaikat sanunggal | tan antara tumuliya | apan tumuruna sami | tanpa wilangan | mahluk depun cêkêli ||

30. Malah satu sêdaya tan kaliwatan | saban-saban wong sawiji | malaikat sanunggal | risampunira mangkana | kang bumi nuliya sinalin | bumi sêlaka | ginêlar wus dumadi ||

31. Risampune bumi sêlaka ginelar | sinelehakên malih | mahluk sêdaya | pan ebeki mara-mara | nabi Adam sahabat sami | kumpul sêdaya | lan satu kabeh urip ||

32. Malaikat pitung langit sêdaya | angubêng-ngubêngi | ing pinggir jagad | sêdaya ***[hal. 125]*** sap sampun | cinarita susun tindhih | kang dêlamakan | tumumpang den tumpangi ||

[9] Bait ini seharusnya 7 gatra (larik)

Pupuh 15 – Dandanggula

1. Wus atata sêkehe parane | apapathon lan saumatira | wus pêrnah aneng gone | lawan umatipun | kapir Islam samiya tut wuri | dhumatêng nabinira | langkung takdhimipun | nabi nênêm cinarita | apan sampun pinarêk ing mimbar wilis | sarta lan tunggulira ||

2. Apapathon lan umate sami | ora pisah lan sahabatira | muwah kawula wargane | nabi nênêm puniku | luwih agêng pathine sami | sarta lan lungguhira | lan amawi tunggul | kang karihin nabi Adam | nabi Ênuh kalawan ***[hal. 126]*** nabi Ibrahim | kalawan nabi Musa ||

3. Nabi Isa punika nênggih | kaping nême nabi Muhammad | wus tata sêgolongane | luwih pisahepun | antarane nabi sawiji | sampunira mangkana | karsane Yuwang Agung | nênggih langit kapisan | luwih parêk sak ujud luhuring langit | lawan punjul sêlirang ||
4. Luwih panas sêrngenge kepati | sêkathahe manusa punika | pan sami aru sambate | ana umob utêkepun | bêthayangan sapada neki | ana kang lesedan | kathah warnanepun | keringête beda-beda cinarita | beda-beda keringête wong sawiji | ana kang watês wêntisira ||

5. Ana watês ing janggut neki | ana watês ***[hal. 127]*** ing pupu punika | ana watês bokonge | ana watês watangipun | ana watês dhadhane sami | ana lange pisan | watês gulunipun | sêparane atut wuntat | keringête saban-saban wong sawiji | anglêr toya lumampah ||

6. Angidêri ing badane sami | nanging sih wong ingkang antuk rahmat | tan susah sangking pêrnahe | pan sarwi apapayung | yen lumampah anunggang sami | pênganggo luwih indah | lan malih winuwus | Pêngeran kang maha muliya | pan akarya nurunakên ngaras lan kursi | binakta maring ngadhap ||

7. Buminipun pan jinembarakên malih | sampun pêrapta ***[hal. 128]*** ing alam punika | ngaras mancur cahyane | pan sarwi mubêr murub | cahyanipun langkung ngêbêki | surêm sêrngenge wulan | lintang

cahyanepun | langit pulih luhurira | lintang sirna tan ana rahina wêngi | apadhang sêlaminira ||

8. Luwih padhang sangking sêrngenge kepati | pan apadhang padhange tan panas | lan tan ana rahina wêngine | pan sami luwaran sampun | sêkathahe mahluk sami | tan ana ngêrasa panas | sêkathahe mahluk | pan sami eca-eca | karingête apan kari | mulih ing panthonira ||

9. Cinarita pan sampun lami | apan sami kathah kang ngarsula | kang antuk rahmat ***[hal. 129]*** kabeh | sabab manusa carub | kang duraka kêlawan kapir | carob tan kêna pisah | sêparane anut | ana bacin ambunira | ana amis siksane wong sawiji-wiji | mila sami ngêrsula ||

10. Samiya matur dhatêng para nabi | umatipun nabi suwang-suwang | nêdha supangat ature | para nabi winuwus | adadunga maring Hiyang Widi | pan sami tinarima | mungguhing Yang Agung | Pêngeran nuliya ngandika | pan pisahên malaikat den agêlis | sêkehe wong kang duraka ||

11. Lan wong kapir pisahên den agêlis | aja amor lawan kasihing Yang | kumpula sakbature | malaikat adan sampun | pan tumandhang ***[hal. 130]*** ngadhang-ngadhangi | angucap asêru kalintang | gegere kelangkung | abangêt wêdi sira | nuliya pisah wong duraka lan wong kapir | kumpul sakbaturira ||

12. Sarta irêng iya rêrahineki | kadiya ireng wang punika | sangking sangêt irênge | lawan malih dinuwus | risampune atata sami | Pêngeran angandika | iya malaikat ingsun | suwarga lah turuna | pan tumandang inggal malaikat pêrapti | suwarga katingalan ||

13. Sarta ganda anêrus ngebeki | ing sêkehe kang badhe manjing suwarga | pan sami mambu kabeh | langkung kapinginepun | sarta wêruh isine sami | sarta indah-indah | katon mubêyar murub | widadari apapathon | penganggone lungsir abang lungsir || ***[hal. 131]*** kuning | apapahes warna-warna ||

14. Pan suwarga den pêrnahakên agêlis | munggeng têngên ingarsa punika | wus pêrnah aneng gone | lan malih winuwus | karsane kang maha suci |

anakakên nêraka | nênggih kang ingutus | malaikat Jabaniyah wus lumampah | inggal lampah wus pêrapti | ing panggonane nêraka ||

15. Ingsore bumi papitu puniki | iya iku ênggoning nêraka | jahanam maras têkane | utusa nira Hiyang Agung | Jabaniyah ing sanak mami | punapa atinjuha | punapa ingutus | sêkathahe tanpa wilangan | baya paran karsane kang maha suci | malaikat samiya jawab ||

16. Eh nêraka payo den agêlis | ingsun gawa karsaning Pêngeran | nêraka kaget sahure | ***[hal. 132]*** ingsun takon kang sêtuhu | ananing kang maha suci | punapa den adilan | ing punika mahluk | kang den ênggo siksa mêring ingwang | malaikat sêdaya pan sami nahuri | pan aja kuwatir sira ||

17. Bakal sira ingkang kinardi | karsaning Hiyang niksa wong duraka | lan malih wong kapir kabeh | ubah kukus kumêbul | gumeleger dennya nahuri | wus janjine kiyamat | ingsun kang angukum | sêkehe wong duraka | iya lawan sêkehe wong kapir | ingsun kang kinaridhan ||

18. Janabiyah ajêng adandani | rikalanira nêraka punika | arupa satu jinise | malaikat adan sampun | pan nêraka depun taleni | den rante gulunira | sirah den ***[hal. 133]*** pun karung | lawan sukune sêdaya | depun cancang kêlawan rante angluwihi | gêdhene kalungira ||

19. Lan ing hadis rante kang kinardi | analeni nêraka punika | patang laksa ukêl dawane | dene kang sak ukêlepun | kumpulêna sekehing wêsi | ing alam dunya punika | kirang wêsinepun | saukêl mangsa dadiya | malaikat sêdaya kang nyêkêli | kathahing pitung laksa ||

20. Iya iku malaikat kang pinilih | samiya kêras kalintang | nêraka sampun den rante | giniring lampahipun | pan ingucap sampun pêrapti | ***[hal. 134]*** ing magrib jabulira | iku pan sampun | wus jabul sarta sawara | gumalêdhug sarta urêg angêbêki | gegere kang aning Mahsar ||

21. Pan giniring ing malaikat sami | ingkang ngêrante wahu pitung laksa | wong Mahsar teteri manahe | angêrungu suwaranepun | warnanipun dereng katawis | sêdaya sami maras | uwah tatanepun | têkane pan sêmana | mulat maring manusa gêlar samiya budi | pan ayun depun mosa ||

22. Liwat sangat budine kepati | malaikat nanging datan ubah | apan kuwat panyêkêle | sarta lan kathahepun | pan amaksa sangêt abudi | agênge pan kalintang | muwah rosa-***[hal. 135]***-nepun | abudi iku pan rosa | sangking takdire ing yang Maha Suci | tatas rante sêdaya ||

23. Nuli nyandêr nêraka kepati | sarta suwara angebeki jagad | ing bumi ubah kabeh | manusa kabeh iku | aningali samiya mêndêlik | mêcicil matanira | gugupepun | apa dene kang miharsa | ing hadise jêng nabi kêlawan dalil | kêlangkunging marasira ||

24. Datan pêgat anyandêr kepati | pan amburu arsa amangsa | manusa kocam dalêm hadise | yen tan wontên imanepun | kang den mongsa apan kêrihin | gêsang nanging tan pêjah | ***[hal. 136]*** larane kalangkung | paran larane ing dunya | pênganggе ulenge tan nulih-nulih | anging awake dhawak ||

25. Bapa biyang muwah anak rabi | pawong sanak kêkasih ing dunya | iya iku lali kabeh | pan gugupira kêlangkung | pan sanadiyan kang para nabi | tan pekir mareng liyan | anging dhawakepun | ing hadis sami ing ngucap | para nabi pan yakulu napsi | nanging awakingsun dhawak ||

26. Apan nêraka mulat murub sami | den tut wuri ing parane manusa | anging tan kandhêk lampahe | kang kantuk sihing Yang Agung | depun undang pathone sami | kumpula lan nabinira | eca ***[hal. 137]*** lampahepun | panganggone warna-warna | iya iku nugêrahan sangking Yang Widi | lawan padha nanunggang ||

27. Sêkathahe ingkang para nabi | samiya ngumpul kang duwe sarengat | apan nênêm dhehin ature | ing hadis winuwus | nabi nênêm samiya ngulati | panggonan dhawak-dhawak | ing têkanepun | nêraka wontên ing Mahsar | samiya tinggal ngaras kursi tan katulis | samiya ngungsi ing panggonan ||

28. Nabi nênêm wus mêrnah sami | ing panggonanepun dhawak-dhawak | pinarêk aning mimbare | lan tunggule puniku | umbulira anuting angin | nabi ***[hal. 138]*** Muhammad punika | ing hadis winuwus | umbule anusung

barat | dadi tandha yen iku nabi sinelir | nyata nabi Mustopa ||

29. Panggonane nabi sawiji-wiji | nabi nênêm luwih têbah | antara têlungatus tahun dohe | mangke ing lakunepun | apan iya puniku singgih | umat iya mêlayu sêdaya | kang kacandhak iku | apan depun amongsa | sêsambate apan sami awor lan tangis | nanging pan nora pêjah ||

30. Mapan êsih sampun ilang kang jinis | Ing pati mung lara saking dunya | maksi têtêp sêlawase | pati datan tinamu | wus kapungkur wus den lakoni | lara tan kêna ilang | ing akherat iku | kang den pangan ***[hal. 139]*** ing nêraka | datan pêjah larane anglangkungi | sambatira amêlas arsa ||

31. Pamburune nêraka anut wuri | lampahipun mili kadi toya | sangking gêdhene urube | manusa samiya muwus | kaya paran pulah puniki | tan wande den mongsa | amuwus kalangkung | den sambat musakat | pan lumampah sambat awor lan tangis | paran pulah ku baya ||

32. Mayo ngusi maring para nabi | pan aning dunya dadi panutan | ayo nêdha supaat age | sêdaya samiya muwus | pan akathah samiya eling-eling | iya bênêr ing dunya | apan ingkang dinuta | pan nênêm nabi kang mursal | pan ***[hal. 140]*** ingutus pêrtela ing hadis dalil | ingkang tuwa nabi Adam ||

33. Pan akathah ingkang samiya angling | maring nabi kang duwe saringat | mupakat samiya pikire | apan sêkehe mahluk | apan samiya tut wuri | dhumatêng nabinira | ing sêparanepun | ing hadis wus cinarita | kang sinadiya nabi Adam iku sami | dene nabi kang kawitan ||

34. Datan kandhêk nêraka tut wuri | kang kacandhak sami depun mongsa | pan gêsêng iku awake | tininggal ing kancanepun | kang lumayu tansah wewarti | pêrnahe nabi Adam | iku sêdayanepun | dene nabi kang atuwa | pan ingucap risampune ***[hal. 141]*** nira kêpanggih | geger sapangathonira ||

35. Aningali manusa kang pêrapti | sêkathahe pan tanpa wilangan | api katingal urube | samiya maras kelangkung | nabi Adam ngêndika aris | aja bubar sira | anêdhaha ing Hiyang Agung | manusa kang samiya pêrapta | nuli matur ature awor lan tangis | ana banjur kasmaran ||

Pupuh 16 – Kasmaran

1. Ing dalêm hadis winarni | nabi Adam cinarita | pinarêk aning mimbare | sarta lawan tunggulira | kumpul dadi sapantha | ananêdha ing Yuwang Agung | kêlangkung mara sêdaya ||

2. Manusa ingkang angu(ng)si | nangis nêdha supangat | amêlas asih ature | ya tuwanku nabi Adam | ***[hal. 142]*** tuwan laluhur amba | tulungana kawulaniku | supangat saking nêraka ||

3. Sêdaya samiya anangis | nabi Adam angêndika | anak putuningsun kabeh | ingsun pan nora kaduga | nyupangati mêring sira | ature sêkehe mahluk | rehne tuwan nabi kinasihan ||

4. Iya bênêr sira sami | dhehin ingsun kinasihan | dening kang maha suci reko | ananging ingsun duwe wirang | amarga nêrajang larangan | amangan muldhi asalipun | wus sinêdan ing Pêngeran ||
5. Balik sira sun tuturi | angungsiya sira inggal | maring nabi Nuh bahe | iku nabi kinasihan | utusane Yang Sukma | [...] pêrnahepun | pan sampun mangkat sêdaya ||
[hal. 143]
6. Panase pan atut wuri | sêparane manusa | luwih adoh panggonane | lêlampahan sewu warsa | apan depun wilanga | rahina tan ana dalu | apadhang sêlaminira ||

7. Tan kawarna Nuh pêrapti | ing nabi Nuh ing pêrnah | akumpul maring padhang | pinarêk ing mimbarira | sarta lan tunggulira | sepu [...] ngan nepun | samiya kaki miharsa ||

8. Manusa samiya ngungsi | den buru api nêraka | pan gu[...] suwarane | nabi Nuh nuliya ngêndika | maring se[...] rira | aja bubar sira iku | padha nêdha ing Pangeran ||

tamat wallahu a'lam bissawabtahun dal.

DAFTAR PUSTAKA

Amir Sutaarga, dkk. 1972. *Katalogus Koleksi Naskah Melayu Museum Pusat.*

Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Azyumardi Azra. 2003. *Surau: Pendidikan Islam Tradisional dalam Transisi dan Modernisasi*. Jakarta: Logos Wacana Ilmu,

Edwar Djamaris. 1985. *Antologi sastra Indonesia pengaruh Islam*. Jakarta : Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Edwar Djamaris. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV Manasko

Garini Gantina. 2016. *Carita Hikayat Nabi, Muruk Dewi Fatimah Edisi Teks dan Analisis Pesan*. [Tesis. Universitas Padjajaran.]

Garini Gantina Syatif Higayat & Elis Suryani. 2016. "Analisis Pesan dalam Naskah Carita Hikayat Nabi Muruk Dewi Patimah". *Jumantara* vol. 7 no. 2,hlm. 219-231.

Hasanuddin W.S, dkk. 2009. *Ensiklopedia Sastra Indonesia*. Bandung: Titianilmu.

Karsono H. Saputra. 2008. *Pengantar Filologi Jawa*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.

Mirya Anggraeni. 2017. "Ajaran untuk Isteri dalam Serat Patimah". *Jurnal Nusa*

vol. 12 no 1, hlm. 115-125.

Oman Fathurahman, dkk. 2010. *Filologi dan Islam Indonesia*. Jakarta: Kementerian Agama RI Badan Litbang dan Diklat Pustlitbang Lektor Keagamaan.

Ricklefs dan Voorhoeve, 1977. *Indonesian manuscripts in great Britain*. London :Oxford University Press

Ronkel, Ph. S. van. 1909. *Catalogus der Maleische Handschriften in het Museum van het Bataviaasch Genootschap van Künsten en Wetenschappen*. Batavia :Albrecht ; 'S Hage : M. Nijhoff.

Siti Baroroh Barried, dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Wiwin Indiarti, Anasrullah, Ayung Notonegoro, Welly Abdur Ridho, Ilham Saifulloh. 2022. *Katalog Naskah Kuno Banyuwangi* (Edisi

Kedua). Banyuwangi: Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi.

Wiwin Indiarti & Anasrullah. 2022. *Lontar Juwarsah: Transliterasi & Terjemahan Manuskrip Beraksara Pegon*. Banyuwangi: Dinas Perpustakaandan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi.

Yumsari Yusuf. 1984. *Sastra Indonesia lama pengaruh Islam*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

RIWAYAT HIDUP PENULIS

Wiwin Indiarti lahir di Banyuwangi pada 1978. Menyelesaikan studi sarjana dan magister di Fakultas Ilmu Budaya Universitas Gadjah Mada. Saat ini menjadi dosen tetap di Fakultas Bahasa dan Seni Universitas PGRI Banyuwangi. Ia menjadi anggota Masyarakat Pernaskahan Nusantara (MANASSA) sejak tahun 2018. Buku karyanya yang sudah terbit adalah L*ontar Yusup Banyuwangi: Teks Pegon – Transliterasi - Terjemahan* (Elmatera, 2018), *Olah Rasa Ujung Timur Jawa: Makanan Ritual dalam Kebudayaan Osing* (Elmatera, 2019), *Babad Tawangalun: Wiracarita Pangeran Blambangan dalam Untaian Tembang* (PERPUSNAS Press, 2019), *Lontar Sri Tanjung: Kidung Kuno Ujung TimurJawa* (DISPUSIP Banyuwangi, 2020), *Lontar Hadis Dagang* (DISPUSIP Banyuwangi, 2021), *Katalog Naskah Kuno Banyuwangi* (DISPUSIP Banyuwangi, 2021), *Babad Balambangan BR 384* (PERPUSNAS Press, 2022), *Katalog Naskah Kuno Banyuwangi Edisi 2* (DISPUSIP Banyuwangi, 2022) dan *Lontar Juwarsah* (DISPUSIP Banyuwangi, 2022). Tahun 2021 ia mendapatkan hibah *Endangered Archives Programme (*EAP) dari *British Library* untuk digitalisasi manuskrip kuno ujung timur Jawa. Tahun 2020 ia mendapatkan anugerah penghargaan *UGM Alumni Awards*, kategori Pelopor Pelestari Kebudayaan, dari Universitas Gadjah Mada. Karya tulis hasil penelitiannya tersebar di berbagai jurnal ilmiah, di antaranya Manuskripta, Ranah, Jantra, Patrawidya, Jati Emas, Jentera, dan lain- lain. Email: wiwinindiarti@gmail.com

Anasrullah lahir di Ngawi tahun 1976. Bekerja sebagai editor lepas untuk beberapa penerbit. Buku karyanya yang sudah terbit adalah *Babad Tawangalun: Wiracarita Pangeran Blambangan dalam Untaian Tembang* (PERPUSNAS Press, 2019), *Lontar Sri Tanjung: Kidung Kuno Ujung Timur Jawa* (DISPUSIP Banyuwangi, 2020), *Lontar Hadis Dagang* (DISPUSIP Banyuwangi, 2021), dan *Lontar Juwarsah* (DISPUSIP Banyuwangi, 2022). Aktifitasnya di dunia sastra dan kepenulisan dimulai sejak kuliah di Fakultas Sastra jurusan Sastra Indonesia Universitas Gadjah Mada. Saat ini ia bergiat di Pesinauan – Sekolah Adat Osing. Email: sm.anasrullah@gmail.com

PESINAUAN adalah Sekolah Adat Osing yang didirikan oleh Pengurus Daerah Aliansi Masyarakat Adat Nusantara - Osing (PD AMAN - Osing) dan Barisan Pemuda Adat Nusantara - Osing (BPAN - Osing). PESINAUAN didirikan sebagai bagian dari kerja-kerja pewarisan dan penguatan jati diri, pola pikir, cara hidup, dan sistem pengetahuan masyarakat adat Osing. Kami meyakini bahwa pendidikan adat berbasis komunitas masyarakat adat harus dimulai dari dan oleh komunitas adat yang tidak terpisahkan dari budaya dan wilayah adat.

Sekretariat PESINAUAN
JL. Sobo Indah RT 01 RW 01, Dusun Krajan, Desa Kemiren,
Kecamatan Glagah, Kabupaten Banyuwangi
Telp.: 081330820247 - 081252676339
Email: pesinauanosing@gmail.com

UNIVERSITAS PGRI BANYUWANGI

UNIBA

SELAMATAN DI PESAREAN BUYUT CILI

Kamis, 20 Januari 2022
Jam 15.00 WIB s/d selesai
Pesarean Buyut Cili
Desa Kemiren, Banyuwangi

RITUAL MOCOAN LONTAR YUSUP

Kamis, 20 Januari 2022
Jam 19.00 WIB s/d selesai
Pesinauan, Desa Olehsari,
Banyuwangi

GELAR SENI BUDAYA

Minggu, 23 Januari 2022
Jam 13.00 WIB s/d selesai
Pesinauan, Desa Olehsari,
Banyuwangi

pesinauan osing | pesinauan.osing | pesinauanosing@gmail.com